

Ankouraje egalite

Egalite se kontrè pouvwa ak anvi kontwole moun. San konte pa gen vyolans nan mitan patnè kap viv relasyon egalitè, yo aprann :

Lè yo gen pwoblèm, chita pale ansanm pou yo ka jwenn yon solisyon, epi yo prèt pou yo fè aranjman yon ak lot.

Rete pozitif, yon chache konprann sa lòt la santi, tande'l san li pa kritike'l ni jije'l.

Rekonèt prencip lavi genyen, epi respekte dwa chak moun genyen pou yo gen pwòp lide'l, santiman'l ak aktivite'l.

Pataje responsabilite yo kòm paran epi yo se de bon moun ki pa vyolan pou timoun yo.


Planifye ansanm kijan ya pataje travay nan kay la. Yo mete tèt yo ansanm pou yo pran desizyon ki enpòtan pou fanmi an.

Planifye ansanm depans kap fèt nan kay la, epi yo asire ke fason yo deside ya ap bon tout moun.

Rekonèt lè komanse gen vyolans nan relasyon yo. Yo kapab pale sou sa san kè sote, ni bay manti.

Chache èd bò kote moun ki kalifye, aprann itilize sèvis kominotè nan zòn lakay pou yo ka jwenn enfòmasyon ak ankorajman.

Devan 2 sityasyon diferan – vyolans lagè & vyolans nan fwaye



Par
Ghayda Hassan, Ph.D.
Sarah Ousman

De fom vyolans :

Kantite pwoblèm ak move lavi
ou rankontre lè wap mande
refij.

Vyolans nan foye

Aprann konnen
tout dwa ou
genyen kòm
refijye
Ak
Tout sa ou ka fè
pou kanpe vyolas
nan foye a.

Vyolans nan foye

Vyolans nan foye a se lè yon nan patnè yo sèvi ak pouvwa gwo ponyèt li poul kapab kontwole lot la, li itilize tout moyen li konnen pou li kapab kenbe moun sa anba menm l'oswa pou 'l fè moun sa mache dapre jan li vle ou jan li ta swete.

Vyolans nan foye se rezilta yon seri aksyon ki fèt plizyè fwa epi ki ogmante pi plis chak fwa. Tankou :

- Fè lòt moun nan menas ak presyon
- Itilize fason pou fè moun nan pè.
- Vyolans sou lespri moun
- Pa kitel pran kontak ak lot moun
- Sèvi ak timoun yo pou fèl mache
- Itilize pouvwa ak privilej ou genyen kom gason
- Fè abi nan lajan.

*Se pa sèlman lè yo frape yon fanm
yo fè vyolans sou li.*

Men kèk sityasyon ki ka mennen vyolans nan foye

- Lè ou pa konnenn ni lang, ni lòt moun nan peyi kote ou ye.
- Lè fanmi yan separe, epi timoun yo ap viv nan la perez.
- Lè fi a nan bon dyòb oubyen gen gwo diplòm
- Lè ou pa gen papyè, ni yon metye ki valab nan peyi kotew ye a
- Lè mari a bwè alkol ou byen pran dwòg
- Kanpe lwen ak diskriminasyon
- Mari a pap travay
- Pwoblèm lajan ak lòt pwoblèm lavi a.

Vyolans pa janm bon !

Siw gen ijans rele 911

SOS Violence conjugale

1 800 363-9010

(24 è sou 24 / 7 jou sou 7)

Sèvis Polis **Vil Montréal (SPVM)**

Rele 911.

Pouvwa ak kontwol ki fèt sou fanm imigran yo

Adaptation de Power and Control Wheel, Domestic Abuse Intervention Project, Duluth, Minnesota

Abi nan kò

- Pouse, sekwe, bay kout, kout pye, redi cheve
- Tòde bra, mòde, frape atè, sèvi ak zam kont ou

Izolman

- Anpeche w wè zanmiw, fanmiw oubyen anpechew pale ak moun ki pale menm lang avèw.
- Pa vle kitew al apran pale fransè.

Agresyon nan lespri w

- Ba w manti sou papyè imigrasyon w nan peyi a
- Ekri fanmil pou bay manti sou ou.
- Joure l sou ras li ak kote li sòti.

Abi nan zafè lajan

- Fèl menas ke wap di imigrasyon si lap travay anba tab
- Pa bal posibilite pou lal lekòl, ni pran fòmasyon poul ka travay.

Atakel sou la vi seksyèl li

- Joure'l, di li se bouzin ou piten.
- Fèl reproch deske li genyen yon istwa prostitisyon nan papyè imigrasyon'l

Itilize timoun yo pou fè menas

- Menase'l wap pran timoun yo epi wap menen yo deyò peyi a.
- Fè menas ke wap di imigrasyon ke li gen pitit.

Fè moun pè

- Sere oubyen jete papyè enpòtan (tankou paspò, kat asirans maladi, NAS, e la triye.)
- Elimine tout sa li posede nan peyi kote'l sòti.

Le fèt ke ou gen papyè residans ou byen ou gentan sitoyen, ou

- Pa ba'l posibilite pou'l fè papyè imigrasyon'l
- Anile ou fè menas pou anile demand papyè imigrasyon'l.

Fè menas

- Fèl menas wap denonsel nan imigrasyon pou yo ka depòte'l.
- Fèl menas wap fè anile demand k'ap pèmèt li gen papyè nan peyi.